

Evite Vyolasyon Komen yo nan Egzijans Restoran yo pou COVID-19

Etablisman sèvis manje yo dwe konfòme yo avèk [Egzijans ki an rapò ak COVID-19 yo](#) ke Eta New York pibliye a. Evite vyolasyon ki pi komen yo obsève yo nan asire ou te mete an plas mezi ki annapre yo:

Kenbe yon plan sekirite.

- Prepare yon plan sekirite pou re-ouvèti a. Konsilte [modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis](#).
- Afiche plan an nan espas la yon kote ki vizib.
- Dezinye yon responsab sekirite ki pral asire ke genyen respè kontini pou tout aspè plan an.

Kenbe yon rejis netwayaj pou chak jou.

- Kreye yon rejis netwayaj ki gen ladan dat, lè ak kantite netwayaj ak dezenfeksyon an. Konsilte [modèl rejis netwayaj chak jou](#).
- Fòm pèsònèl la sou pwosedi netwayaj ak dezenfeksyon yo ak fason pou yo ranpli rejis la.
- Asire ou ke yo reyalize netwayaj ak dezenfeksyon chak jou yo epi ke yo ranpli rejis la.

Reyalize yon depistaj sante chak jou pou anplwaye yo.

- Despiste anplwaye yo nan:
 - Reyalize yon verifikasyon tanperati ak
 - Fè anplwaye yo ranpli yon kesyonè sou plas oswa adistans. Konsilte [echantiyon zouti depistaj pou COVID-19](#).
- Dezinye yon moun ki responsab pou revize tout kesyonè depistaj yo ak pou kenbe yon rejis chak jou ki endike ke yo te revize evalyasyon depistaj sante yo. Konsilte [modèl echantiyon](#).

Dezinye makaj ki gen 6 pye distans nan zòn kote liy yo fòm oswa kote moun rasanble yo.

- Endike (pa egzanp, nan plase tep oswa otokolan sou planche a) 6 pye distans nan zòn kote:
 - Kliyan yo fè liy pou plase yon kòmman, pran manje, peye, tann pou yo chita oswa itilize twalèt.
 - Anplwaye yo gendwa rasanble, tankou pès pou siyen pou kòmmanse ak pou siyen pou fini travay yo, pès depistaj yo ak twalèt yo.

Afiche pano ki obligatwa yo.

- Afiche pano yo nan pozisyon ki vizib pou raple kliyan ak anplwaye yo pou:
 - Rete lakay si yo malad.
 - Pote kouvèti pou figi (nan kouvri ni nen ak bouch yo) toutan si yo se yon anplwaye, ak lè yo pa chita, si yo se yon kliyan.
 - Mete yo an karantèn si resaman yo te nan yon Eta ki genyen transmisyon kominotè COVID-19 ki siyifikatif, an konfòmite ak [Avètisman vwayaj Eta New York](#)
 - Estoke ak jete kòrèkteman ekipman pwoteksyon pèsònèl yo.
 - Respekte enstriksyon pou distans fizik yo.
 - Rapòte sentòm pou oswa ekpozisyon ak COVID-19 yo, ak fason yo ta dwe fè sa.
 - Swiv enstriksyon pou netwayaj ak dezenfeksyon yo.
 - Pratike ijyèn men pwòp.

- Kouvri touse ou ak etènne ou avèk bra ou, pa avèk men ou.
- Rapòte nenpòt vyolasyon lè ou rele nan 833-208-4160 oswa voye mesaj tèks "VIOLATION" (VYOLASYON) bay 855-904-5036.
- Kantite kliyan ki konstitye 25% kapasite nan etablisman an.
- Ou kapab jwenn pano ki enprime nan plizyè lang sou [sitwèb Depliyon ak Afich pou COVID-19](#) Depatman Sante NYC a.

Depatman Sante NYC a ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolue.

9.27.20